

Gebyar SIPA nambah regenge seni tradhisi

Sawetara wektu kapungkur, Kutha Solo ngadani pagelaran kesenian tradhisional tingkat internasional kanthi irah-irahan *Solo International Performing Art (SIPA)* II 2010, ing Pamedan Pura Mengkunegaran.

Kaya taun wingi, gebyare SIPA ing kutha Bengawan iki bisa nambah regenge seni tradhisi. Apa maneh, Kutha Solo wus kondhang minangka kutha budaya. Bab iku sansaya nandhes nalika ana pagelaran SIPA kang diramekake pirang-pirang pasarta saka pirang-pirang dhaerah lan nagara manca iki. Antarane saka Jerman, Malaysia, Jepang, Austria, India lan Timor Leste. Kabeh pasarta, ora saka pasar-ta lokal utawa manca ora ana sing ora apik. Kabeh nyuguhake kesenian kang elok marang warga kang ngebaki Pamedan Pura Mangkunegaran, wiwit dina Jemua-Minggu (16-18/7), kanthi kesenian miligine dhe-we-dhewe.

Contone Wargo Budoyo saka Magelang, *Folkdancing group Markt Allhau* saka Austria, kesenian saka ISI Denpasar, Bali, banjur saka Universitas Sabah, Malaysia. Saliyane iku, ana Teater Lungid, asal Solo; Danil Milan saka Meksiko; Oxana Chi saka Jerman; Sanggar Fitria Cimahi lan Padhepokan Kalang Kamuning Bandung; Lembaga Swadaya Komunitas Borneo Tradhisional Etnik Sanggar Tari, Kutai Kalimantan Timur.

Kabeh kuwi ngundang kawigatene war-ga bebrayan sarta bisa gawe gumune pami-rsane. Kaya beksan tradhisional saka India sarta pepanthan seni saka Jepang,



Espos/Sunaryo Haryo Bayu

PESTA PANEN—Pasarta saka Timor Leste nyuguhake beksan tradhisional kang nggambarake pesta panen jroning adicara *Solo International Performing Arts (SIPA)* 2010 ing Pamedan Pura Mangkunegaran. Setu (17/7).

Lambang Sari, bisa Paweh warna kang be-da ing adicara agung iki.

Lambang Sari pranyata bisa mbabar kanthi becik lan ngundang rasa gumun liwat tetembangan tradhisional kang didhasari saka seni tradhisi Jawa lan kesenian tradhisi saka Jepang.

SIPA II taun iki, jarene pangarsa panitia SIPA 2010, Irawati Kusumarasi, pancen ngusung irah-irahan *Kesenian Rakyat*. Mula, kabeh pasarta padha ngusung kesenian rakyat dhe-we-dhewe, lan kenthel karosur tradhisi. Embuh sing arupa musik, beksan, teater lan maneka warna kesenian li-

yane kang dibabar ing SIPA iku. “Liwat SIPA iki, Kutha Solo bisa sansaya kuncara lan sansaya nandhesake minangka kutha budaya kanthi ciri miligine, antarane katon saka maneka wewangunan sujarah lan kesenian tradhisine kang ajeg urip lan ngrembaka,” piterange. **disp**